

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan numutkeun (Arikunto, 2006: 135) nya éta cara nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan.

Luyu jeung wangenan di luhur, méthode jeung tehnik panalungtikan téh baris baris ngumpulkeun data panalungtikan ku cara ngalaksanakeun prosés diajar ngajar pikeun meunangkeun hasil pratés jeung pascatés.

Méthode nudigunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuasi ékspérimén (ékspérimén semu) kalawan ngagunakeun desain one group, desain rancangan ékspérimén digambarkeun samodél di handap ieu.

#### Rancangan Ékspérimén

Pratés	Perlakuan	Postés
01	X	02

(Arikunto, 2006: 78)

Katerangan:

01 : Hasil obserrvasi saméméh perlakuan

02 : Hasil observasi sabada perlakuan

X : Perlakuan, nya éta digunakeun modél pangajaran CIRC dina ngajarkeun pangajaran nulis sajak.

### **3.3 Téhnik Panalungtikan**

#### **3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara tés. Tés nya éta saruntuyan pertanyaan atawa latihan jeung alat nu lianna anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, kamampuh atawa bakat anu dipimilik ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2002: 127). Dilaksanakeun tés maksudna pikeun ngumpulkeun data , nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis sajak.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pratés jeung pascaté anu dibikeun ka siswa anu jadi sampel panalungtikan . pratés ka siswa pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis sajak saacan ngagunakeun modél pangajaran CIRC, sedengkeun pascaté dibikeun ka siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC.

#### **3.2.2 Tehnik Ngolah Data**

Dina kagiatan ngolah data, data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban kana masalah dina ieu panalungtikan. Data anu paling utama dina ieu panalungtikan nya éta data tina hasil pratés jeung pascaté.

Data panalungtikan anu diolah téh dina enas-enasna mah rék ditujukeun pikeun mikanyaho:

- 1) kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung saméméh ngagunakeun modél CIRC,
- 2) kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC,
- 3) peningkatan kamampuh nulis sajak siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran CIRC, jeung
- 4) éféktif henteuna modél pangajaran CIRC dina ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa SMP Negeri 3 Bandung.

Pikeun maluruh tujuan di luhur, dilakukeun analisis data anu léngkah-léngkahna saperti kieu.

a. Méré peunteun karangan sajak siswa

Pikeun nangtukeun jumlah skor karangan siswa, digunakeun pedoman meunteun saperti pedoman penilaian di luhur. Skor anu kahontal siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

b. Uji gain

Pikeun nangtukaun gain, baris ngagunakeun tabél di handap.

No	Praté	Pascaté	$\Sigma$	d	d <sup>2</sup>
1	2	3	4	5	6
1					
2					

	$\Sigma$				
	$X$				

Uji gain dilakukeun pikeun ngabandingkeun rata-rata peunteun pratés jeung pascaté.

c. Uji Sipat Data

(1) Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal, salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh miboga sipat nu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* ( $\chi^2$ ).

Saméméh ngagunakeun *chi kuadrat* ( $\chi^2$ ), dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti di handap:

- Nyieun tabél frékuénsi skor pratés jeung pascaté kalayan ngagunakeun tabél:

Peunteun (x)	F	f.x	f.x <sup>2</sup>
1	2	3	4
1			
2			
$\Sigma$			

- Ngitung rata-rata (*mean*) skor pratés jeung pascatés

$$X = \frac{\sum fx}{\sum f}$$

- Néangan standar déviiasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{N(\sum fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

- Nyieun frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspétasi, léngkah-léngkahna nya éta:

- a. nangtukeun panjang kelas
- b. nangtukeun rentang
- c. ngitung jumlah kelas
- d. ngitung Z
- e. nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval  
(L)
- f. ngitung frékuénsi ékspétasi  $E_i = L \times N$
- g. nangtukeun *chi kuadrat* anu rumusna:

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

- Hasil tina léngkah-léngkah di luhur bisa diasupkeun kana tabél di handap:

kelas	O <sub>i</sub>	b <sub>k</sub>	Z	D	L	E <sub>i</sub>	x <sup>2</sup>
1	2	3	4	5	6	7	8
1							
2							
Σ							

(Arikunto, 2006: 275-288)

- Nangtukeun *derajat kebebasan*
- Nangtukeun *chi kuadrat* tina daptar
- Nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaunaan kitéria:

$\chi^2 \text{itung} \leq \chi^2 \text{tabél}$  hartina distribusi data normal, tapi

$\chi^2 \text{itung} \geq \chi^2 \text{tabél}$  hartina distribusi data teu normal.

## (2) Uji Homogénitas

Tujuan dina homogénitas nya éta mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Sarua jeung uji normalitas pikeun nangtukeun homogén henteuna data ngagunakeun rumus *chi kuadrat* kalayan léngkah-léngkahna saperti di handap:

- Nangtukeun skor variabel  $\times$  masing-masing kelompok pratés jeung pascaté

- Ngitung variansi masing-masing kelompok

$$S^2 = \frac{n \cdot \sum fx^2 - (\sum fx)^2}{n(n-1)}$$

- Hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{S^2 b}{S^2 k}$$

- Ngitung *derajat kebebasan* (db)

$$db = n-1$$

- Nangtukeun F tabél
- Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:

$\chi^2_{itung} \leq \chi^2_{tabél}$  hartina distribusi data homogén, tapi lamun

$\chi^2_{itung} \geq \chi^2_{tabél}$  hartina distribusi data teu homogén.

### (3) Uji Hipotésis

Pikeun nguji hipotésis , kudu ngaléwatan heula léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- Nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung pascatés:

No	Pratés	Pascatés	d	d <sup>2</sup>	Xd (d-Md)
1	2	3	4	5	6
1					
2					
	<b>Σ</b>				
	<b>X</b>				

- Néangan béda méan tina pratés jeung pascaté kalawan ngagunakeun rumus:

Rumus: 
$$Md = \frac{\sum d}{N}$$

- Ngitung derajat kebebasan (db), kalawan rumus:

$$db = n-1$$

- Ngitung t itung kalawan rumus:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{N}$$

- Ngabuktikeun hipotésis

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(N-1)}}}$$

(Arikunto, 2006: 78)

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés kamampuh nulis sajak. Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés préstasi anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh hiji jalma sabada diajar hiji hal. Pikeun ngukur kaepktipan modél CIRC dina pangajaran nulis sajak dilakukeun dua kali tés, nya éta pretés jeung postés.



Dina nulis sajak, siswa bébas milih téma anu geus ditangtukeun . Dina pratés siswa nyieun sajak tanpa dibéré heula matéri pangajaran nulis sajak ngagunakeun modél CIRC, tuluy hasilna dikumpulkeun terus dipeunteun pikeun mikanyaho skor awal.

Siswa nulis sajak sabada dibéré treatment ngeunaan pangajaran nulis sajak ngagunakeun modél pangajaran *Cooperatife Integrated Reading and Compositition* (CIRC) nu mangrupa pascaté.

Aya sababaraha kritéria nu bakal diajén tina hasil nulis sajak siswa, hasil nulis sajak siswa éta diajén dumasar kana sabagéan unsur-unsur nu aya dina métode jeung hakékat sajak, nya éta ngan ngajén kana diksi, pengimajian, gaya basa, téma, perasaan jeung amanat.

Sangkan leuwih jéntré, éta pedoman penilaian téh baris di format saperti ieu di handap.

#### Format Skala Peunteun Tés Nulis Sajak

Aspék anu dipeunteun	Skala Peunteun					Skor
	1	2	3	4	5	
a. Diksi						
b. Implengan/pengimajian						
c. Gaya Basa						
d. Téma						
e. Perasaan						
f. Amanat						
<b>Jumlah</b>						

Keterangan:

Skala Peunteun 5: Alus pisan

4: Alus

3: Cukup

2: Kurang

1: Gagal

(Sudjana, 1991: 77)

a. Diksi/Pilihan Kecap

Aspék nu dipeunteun nya éta pilihan kecap anu cocog, nyusun kecap, jeung ayana daya sugesti tina kecap-kecap anu digunakeun, skala peunteunna nya éta saperti kieu:

Peunteun 5 = Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé pisan.

Peunteun 4 = Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecap anu alus tur hadé.

Peunteun 3=Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecapna cukup/basajan.

Peunteun 2 = Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecapm anu kurang merenah.

Peuntaun 1 = Ngagunakeun pilihan kecap, nyusun kecapna goréng.

b. Pengimajian/Implengan

Nya éta kecap-kecap anu bisa ngébréhkeun pangalaman sénsoris, saperti anu katénjo, karasa, jeung kadéngé. Skala peunteunna nya éta saperti kieu:

Peunteun 5 = Upama pengimajianana hadé pisan.

Peunteun 4 = Upama pengimajianana hadé.

Peunteun 3 = Upama pengimajianana cukup.

Peunteun 2 = Upama pengimajianana kurang.

Peunteun 1 = Upama pengimajianana goréng.

c. Gaya Basa

Skala peunteunna nya éta saperti kieu:

Peunteun 5 = Upama dina ngagunakeun gaya basana alus pisan, ma'nana jero pisan tur rupa-rupa.

Peunteun 4 = Upama dina ngagunakeun gaya basana alus, ma'nana jero tur rupa-rupa.

Peunteun 3 = Upama dina ngagunakeun gaya basana cukup hadé, ma'nana cukup jero tur rupa-rupa.

Peunteun 2 = Upama dina ngagunakeun gaya basana kurang hadé, ma'nana kurang jero tur rupa-rupa.

Peunteun 1 = Upama dina ngagunakeun gaya basana goréng ogé teu ngandung ma'na.

## d. Téma

Skala peunteunna nya éta saperti kieu:

Peunteun 5 = Eusi sajakna alus pisan.

Peunteun 4 = Eusi sajakna alus.

Peunteun 3 = Eusi sajakna cukup.

Peunteun 2 = Eusi sajakna kurang alus.

Peunteun 1 = Eusi sajakna goréng.

## e. Perasaan

Skala peunteunna nya éta saperti kieu:

Peunteun 5 = Upama dina nepikeun perasaanana alus pisan.

Peunteun 4 = Upama dina nepikeun perasaanana alus.

Peunteun 3 = Upama dina nepikeun perasaan rada alus/cukup.

Peunteun 2 = Upama dina nepikeun perasaanana kurang hadé.

Peunteun 1 = Upama dina nepikeun perasaan goréng.

## f. Amanat

Skala peunteunna nya éta saperti kieu:

Peunteun 5 = Upama dina nepikeun amanatna alus pisan.

Peunteun 4 = Upama dina nepikeun amanatna alus.

Peunteun 3 = Upama dina nepikeun amanatna rada alus/cukup.

Peunteun 2 = Upama dina nepikeun amanatna kurang hadé.

Peunteun 1 = Upama dina nepikeun amanatna goréng.

Nurutkeun kana skala-skala nilai di luhur, bisa dicindekkeun yén jumlah skor nya éta 6-30, anu hartina dina peunteun nya éta 2 nepi ka peunteun 10.

Kacindekan skor;

Hadé pisan : 27-30

Hadé : 23-26

Sedeng : 18-22

Kurang : 12-17

Kurang Pisan : 6-7.

Conto instrumén tés keur siswa:

### **TÉS NGARANG SAJAK**

Pék jieun sajak lobana 2 pada, téma sajak bisa milih tina pilihan ieu di handap:

1. kolot hidep (ibu/bapa),
2. kaayaan poé dina hirup hidep (beurang, peuting, isuk, jsb),
3. Kaéndahan alam, jeung
4. Indonesia

### **3.4 Populasi jeung Sampel**

#### **3.4.1 Populasi**

Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh sajak nu dijieun ku siswa kelas VII SMP Negeri 3 Bandung anu jumlahna 11 kelas.

#### **3.4.2 Sampel**

Sampel nya éta sabagian atawa wakil populasi nu ditalungtik (Arikunto, 2002: 109). Dina ieu panalungtikan ngagunakeun random sampling ku cara diundi pikeun nangtukeun sampel siswa diacak, henteu dipilih-pilih. Numutkeun Suyanta (2002: 11) yén teu aya katangtuan pasti ngeunaan nangtukeun jumlah sampel tina populasi, dina analisa statistik yén beuki loba sampel nu ditangtukeun dina populasi, ku kituna data nu ditalungtik leuwih valid.

Sampel dina ieu panalungtikan hasil random tehnik undian siswa kelas VII D SMP negeri 3 Bandung anu jumlahna 36 karangan siswa.

### **3.5 Uji Coba Kegiatan Diajar-Ngajar**

#### **3.5.1 Tahap Persiapan Diajar-Ngajar**

Tahap persiapan kagiatan diajar ngajar kaugel dina rancangan pangajaran atawa RPP. Rancangan pangajaran dipiharep sangkan kagiatan diajar ngajar lumangsung kalayan lancar tur bisa ngahontal kana tujuan pangajaran.

Rancangan pangajaran (RPP) eusina mangrupa sagala aktivitas/rencana pangajaran anu rék dilakukeun salila kagiatan diajar ngajar lumangsung pikeun ngahontal kompetensi nu geus ditangtukeun.

Rancangan pangajaran (RPP) sipatna téhnik tur dipaké salaku acuan kagiatan diajar ngajar tur dina prak-prakanana guru diberé kawenangan pikeun mekarkeun sorangan eusi rancangan pangajaran luyu jeung kabutuhanana dumasar kana kurikulum nu geus ditangtukeun.

### **3.5.2 Tahap Pelaksanaan Diajar-Ngajar**

Kagiatan diajar ngajar mangrupa inti kagiatan dina pendidikan. Sagala nu geus diprogramkeun bakal dilaksanakeun dina prosés diajar ngajar. Dina kagiatan diajar ngajar bakal ngalibatkeun sakabéh komponén pangajaran, kagiatan diajar ngajar bakal nangtukeun nepi ka mana tujuan nu geus ditangtukeun bisa kahontal. Dina kagiatan diajar ngajar, siswa minangka subyék jeung salaku obyék tina kagiatan pangajaran. Ku kituna, inti tina prosés pangajaran nya éta prosés kagiatan diajar siswa dina ngahontal tujuan pangajaran.

Dina pelaksanaan kagiatan diajar ngajar nulis sajak ngagunekeun modél CIRC ngawengku tilu tahapan.

#### **1) Pelaksanaan pratés**

Dina pratés siswa diberé pancén nulis sajak tanpa diberé heula matéri pangajaran nulis sajak ngagunakeun modél CIRC, hasil tina pratés dikumpulkeun terus dipeunteun pikeun mikanyaho nilei awal.

2) Midangkeun bahan pangajaran

Bahan pangajaran anu ditepikeun nya éta pangajaran nulis sajak ngagunakeun modél CIRC. Dina kagiatan pangajaran dijaskeun léngkah-léngkah nulis sajak ngagunakeun modél pangajaran CIRC nya éta:

- 1) Guru ngawangun kelompok masing-masing opat urang siswa sacara hétérogén (campur);
  - 2) Guru mere wacana/téks sajak-sajak Sunda;
  - 3) Siswa/murid silih macakeun jeung néangan ide poko ogé méré tanggapan kana éta wacana/teks anu ditulis dina lembar jawaban;
  - 4) Siswa/murid macakeun hasil gawé kelompok;
  - 5) Guru nyieun kacindekan ngeunaan sajak nu geus dibagikeun babarengan jeung siswa;
  - 6) Guru macakeun kacindekan ngeunaan sajak.
- 3) Pelaksanaan pascatés

Pelaksanaan pascatés mangrupa kagiatan ahir tina kagiatan panalungtikan. Dina pascatés, siswa nyieun sajak sabada dibéré treatment ngeunaan pangajaran nulis sajak ngagunakeun modél CIRC. Pelaksanaan pascatés tujuanana pikeun mikanyaho kamampuh siswa kana matéri nu geus ditepikeun dina kagiatan diajar ngajar, hususna sabada dibéré modél pangajaran CIRC.



